STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 4 Septanm 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOGRAM ENÈJI SOLÈ POU LEKÓL YO REDWI DEPANS AK PWOTEJE ANVIWONMAN AN

40 distri lekòl ki reprezante preske 200 lekòl nan eta te anrejistre pou pote enèji lokal pwoòp nan kominote yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse deplwaman K-solè, yon pwogram referans anba inisyativ NY-Sun $1 bilyon dola, pou ede distri lekòl piblik yo nan tout eta New York diminye depans enèji yo avèk enèji lokal pwòp. Pwogram lan pral bay lekòl yo zouti, ekspètiz teknik ak aksè pou finanse pou fè enèji solè yon opsyon reyalistik ak abòdab pou lekòl K-12 yo. Jiska dat, yon total 40 lekòl distri te anrejistre pou patisipe nan pwogram lan reprezante preske 200 lekòl nan kominote yo nan tout eta.

"New York ap vini yon lidè nasyonal nan endistri solè, e jodia nap pran yon lòt gwo etap pwogrè nan bay lekòl yo toupatou nan eta resous yo bezwen pou tape nan teknoloji inove sa," Gouvènè Cuomo te deklare. "Ogmante itilizasyon enèji renouvlab nan lekòl nou yo pral alafwa pwoteje anviwonman an ak modènize rezo elektrik nou an. Mwen ankouraje tout distri lekòl yo pou yo aplike pou asistans sa a jodia."

K-Solar se yon patenarya konjwen ant New York Power Authority (NYPA) ak New York State Energy Research ak Development Authority (NYSERDA), kap travay avèk depatman edikasyon Eta New York. NYPA ap ofri chak distri lekòl Eta New York sèvis konsèy gratis sou enèji avèk ekspètiz pou kolabore avèk pèsonèl lekòl la nan detèmine si enèji solè a apwopriye epi rantab pou distri yo. Authority a pral travay etwatman avèk distri yo nan endistri solè a pou garanti finansman solè ki pi atreyan. Sèvis sa yo pral gratis pou lekòl yo, avèk sèl depans ki soti nan elektrisite pwòp ki te jenere apati pano solè ki te enstale yo. Pa gen limit nan kantite distri lekòl piblik ki kapab patisipe nan pwogram lan.

Jodia, NYPA te pibliye yon demann pou kalifikasyon bò kote devlopè yo ki ta enstale pano solè nan etablisman lekòl yo. Delè limit pou reponn a demann lan se 9 Oktòb. Ou ka jwenn aksè a demann lan nan paj entènèt Akizisyon NYPA.

Haitian Creole

Nan fen mwa jiyè NYPA ak depatman edikasyon eta te voye lèt bay sipè-entandan lekòl yo toupatou nan eta pou mete yo okouran de nouvo pwogram lan ak fason yo ka patisipe. Jiska dat 40 distri lekòl te anrejistre, reprezante preske 200 lekòl nan 24 konte. Wap jwenn yon kat kap montre lokasyon distri lekòl kap patisipe yo jiska dat disponib la.

Prezidan ak Ofisye Egzekitif anchèf NYPA Officer Gil C. Quiniones te deklare, "Avèk nouvo pwogram K-Solar a, lekòl yo pral gen yon patnè ekspè, gratis, pou pran tout benefis asistans nan tout eta pou fè enstalasyon solè yo vini yon reyalite pou distri yo."

NYSERDA administre pwogram inisyativ NY-Sun nan tout eta, sa ki pral diminye pri anjeneral enstalasyon, e depatman edikasyon Eta pral travay avèk lekòl yo pou rasyonalize pwosesis pèmi solè a.

Prezidan ak Ofisye Egzekitif Anchèf NYSERDA John B. Rhodes te deklare, "Nap rete tann pou n eede distri lekòl yo nan Eta jwenn aksè a enèji solè pwòp, a bon mache epi vini yon sant pou kominote solè a. Grasa K-Solè ak inisyativ NY-Sun distri lekòl yo kapab redwi depans epi akselere pwogrè nan direksyon objektif Gouvènè Cuomo pou fè sistèm enèji eta vin pi pwòp ak pi bon mache, rezistan ak fyab."

Komisyonè Edikasyon Eta John B. King, Jr. te deklare, "K-Solè se yon inisyativ enteresan pou bay lekòl piblik yo nan tout eta New York yon opòtinite pou eksplwate enèji solè pou yon pòsyon nan bezwen elektrisite yo. Grasa politik enèji inove Gouvènè Cuomo, enèji solè ap pran plis jarèt nan Eta New York, e sa se pou pran yon nouvo elan nan K-Solè."

Avèk K-Solè, wòl New York kòm yon lidè ak premye motè nan fasone avni enèji rete fèmeman anplas. Nan devlope solisyon mache tout nèf, Eta a ap respekte pwomès Gouvènè Cuomo pou l transfòme endistri enèji a nan yon sistèm ki pi rezistan, pwòp, efikas san koute chè epi dinamik. Nan travay avèk Eta, sitwayen ak moun yo ki gen enterè nan endistri a, fason yap fè biznis nan New York ap vinn yon metòd desantralize ki plis baze sou mache. Sa vle di pwoteje anviwonman an, diminye depans enèji epi kreye opòtinite pou kwasans ekonomik pou jenerasyon Nouyòkè jounen jodi yo ak sa kap vini yo. Nan avanse nouvo sistèm ak solisyon enèji sa yo, Nouyòkè yo pral genyen enèji amelyore a ba pri ak efikasite san yo pa sakrifye kapasite pou yo viv nan yon anviwonman ki pi pwòp, rezistan ak pi dirab.

Asosyasyon Endistri Enèji Solè Eta New York Vis Prezidan David Sandbank te deklare, "Inisyativ K-Solè te entwodui pa Gouvènè Cuomo reflete efò agresif pa Eta New York pou elaji itilizasyon enèji pwòp ak renouvlab pou garanti avni enèji nou. Enstalasyon pano solè sou etablisman lekòl yo se yon bèl opòtinite non sèlman pou avanse divèsite enèji eta a, men tou pou enspire mendèv enèji pwòp demen an."

Jackson Morris, direktè Enèji Lès nan Konsèy Defans Resous Natirèl, te deklare, "Enèji solè ka ede lekòl New York yo ekonomize anpil sou fakti kouran yo—libere plis lajan pou envesti nan edikasyon, olye de enèji— pandan lap ede redwi demann pou sous enèji sal ki kontamine lè ke timoun nou yo ap respire. Anplis de avantaj finansye, enèji solè bay yon resous enkwayab pou anseye timoun yo leson sou syans klima, teknoloji, jeni, matematik, ak sa ki rive egzakteman lè w vire sou bouton ekleraj sa. Abilite kominote nou yo ak timoun yo avèk enèji solè jodia, e ou pa janm konnen ki kote li pral mennen nou

demen."

Sipè-entandan Gouvènè Distri Lekòl Lauren F. French te deklare, "Nou kontan dèske nou gen yon opòtinite pou patisipe nan pwogam K-Solè a. Pwogram lan adapte pafètman avèk priyorite nou pou bòdwo elektrik a ba pri ak lè pwòp pandan lap voye yon mesaj enpòtan a elèv nou yo sou eksplwatasyon itilizasyon solèy la pou jenere elektrisite san kabòn."

Sipè-entandan Distri Lekòl Taconic Hills Central Dr. Neil Howard, Jr., te deklare, "Eta New York ap demontre vrè lidèchip atravè pwogram K-Solè li te inisye a. Nap rete tann pou n youn pami distri kap patisipe nan pwogram lan ak ede pou demontre ke moman vini kounye a pou enèji solè reponn a bezwen elektrisite pwòp."

Pou jwenn plis enfòmasyon sou K-Solè, vizite www.nypa.gov/K-Solar/.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

****
WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE